# yéen nit ñi, moytandikulen ëppal ci diine, ndax li alag ña leen jiitu woon mooy ëppal ci diine

Jële na ñu ci Ibn Abbaas-yal na leen Yàlla dollee gërëm-mu wax ne: Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa wax ci subag sànni jamra fekk moo ngi ci kaw giléemam gi: "foral ma ay xeer" ma foral ko juróom-ñaari xeer yu sew, muy xeer yi muy sànni, mu tàmbali de leen sànni ci loxoom,di wax naan: "sànnileen yu mel nii" daal di wax ne: " yéen nit ñi, moytandikulen ëppal ci diine, ndax li alag ña leen jiitu woon mooy ëppal ci diine".

[Wér na] [Ibnu Maaja soloo na ko, ak An-nasaa'iy, ak Ahmat]

Ibn Abbaas -yal na leen Yàlla dollee gërëm- day xibaare ne nekkoon na ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bisub tabaski ci subag sànni jamratu Haqaba yi ci ajug tàggatoo ga, Mu digal ko mu foral ko ay xeeri jamra, mu foral ko juróom-ñaari xeer yu sew, benn bi toll ni doomi Himmas walla bundux, Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- teg ko ci loxoom di ko yëngal, daal di wax ne: Yu toll ni yooyu ci jëmm ngeen sànni sànni ko, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daal moytondikuloo ëppal ak taral ak jéggi dayo ci biri diine, ndax li alag xeet ya jiitu woon mooy jéggi dayo ak ëppal ak taral ci diine.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee